

## CANGKURILEUNG NYOBAT JEUNG AKI-AKI

Aya hiji manuk cangkurileung. Mindeng hiber ka pilemburan. Pangpangna ka deukeut imah leutik padumukan hiji aki-aki jeung pamajikanana. Éta aki-aki éstu bageur. Soméah. Handap asor. Nyaah ka sasama. Kaasup ka sasatoan.

Beda jeung pamajikanana. Nini-nini goreng budi. Gawé baketut haseum. Sengar sengor, ambek-ambekan. Teu kaop aya kakurang atawa capé ku pagawéan.

Atuh cangkurikeung resepeun pisan ka aki-aki. Komo unggal datang, sok dibagéakeun dihiap-hiap. Disuguhan saaya-aya. Gedang atawa cau. Terus duaan macangkrama. Cangkurileung ucla-aclé dina dahan bari bacéo. Aki-aki jongjon kaprak-keprek baranggawé. Nganyam bilik atawa nganyam parabot dapur bangsaning ayakan, boboko, hihid, jeung sajabana. Jualeun ka nu butuheun.

Wanci burit, cangkurileung ge gancang mulang ka padumukanana di leuweung.

Hiji poé, kawas sasari, cangkurileung datang ka imah aki-aki. Tapi taya nu ngabagéakeun. Kawasna aki-aki keur iang ka nu rada jauh.

Barang clé kana gantar pamoean, ujug-ujug habek aya nu neunggeul. Sihoréng nini-nini telenges geus ti tadi ngadodoho.

“Beunang siah, manuk bangkawarah téh !”nini-nini napsu pisan. Pamatuk cangkurileung dipaksa dicekahkeun. Sret létahna diteukteuk ku péso nu geus dibabawa ti tadi. Lung dialungkeun ka luareun pager.”Jor siah mantog. Awas mun datang-datang deui ka dieu !”

Keur mah reuwas jeung nyeri, cangkurileung lenglengan kapaéhan. Untung gancang eling. Geleber hiber lalaunan. Sajajalan ceurik. Teu nyangka bakal manggih nasib sial. Kaleungitan létah sapotong. Atuh lapur teu bisa bacéo.

Meunang saminggu, cangkurileung nyirekem dina sayangna. Teu bisa kamamana. Ngadagoan létah cageur. Baranghakan kapaksa ku lapar.

Aki-aki ngarasa kaleungitan. Biasana ari datang ti panyabaan,cangkurileung sok mapagkeun. Nyéngclé dina pager atawa dina dahan tangkal di buruan.

“Ninina, teu nénjo cangkurileung datang tadi?”aki-aki nanya ka pamajikanana, sugar apaleun.

“Nyao !”jawab nini-nini judes.”Bororaah ngurus nu kitu patut. Ngurus pagawéan gé teu anggeus-anggeus.

Lantaran ambleng, aki-aki kapaksa indit ka leuweung. Rék neangan sobat. Sajajalan gegeroan :

*“Cangkurileung, cangkurileung  
Ka mana geuningan anjeun  
Ampleng-amplengan teu datang  
Ieu aki kaleungitan.”*

Kitu jeung kitu, ti isuk nepi ka soré. Isukna, indit deui.

Kabeneran cangkurileung geus cageur. Geus bisa disada deui. Ngadéngé sora aki-aki, gancang ditembalan :

*Aduh aki, watir teuing  
Leumpang jauh mani ripuh  
Bakat ku sono ka kuring  
Untung geus nyampak susuguh*

Handapeun kiara badag, tempat cangkurileung nyayang, aki-aki ngalungsar. Ngararasakeun angin tiis ngahiliwir. Ngararasakeun kabungah panggih jeung sobat. Ka aki-aki, cangkurileung teu betus perkara kalakuan nini-nini. Cukup ku bebeja gering.

Enyaan aki-aki disuguhan sagala rupa. Bungbuahan nu aramis jeung parelem. Bongborosan nu ngepros ngeunah. Malah basa rék mulang, dititah milih hadiah nu geus ngahaja disayagikeun ti tadi. Mangrupa dua barang ahéng. Nu hiji cepuk leutik camperenik. Nu hiji deui, peti badag dihias dialus-alus.

“Ah, nu leutik wé. Hampang mawana. Ongkoh ka dieu sotéh lain rék néangan hadiah. Bakat ku melang wé ka anjeun, cangkurileung,” cék aki-aki saméméh indit, bari omat-omatan, sangkan cangkurileung nganjang deui unggal poé kawas sasari.

Barang nepi ka imah, cepuk dibuka hareupeun nini-nini. Eusina bangsa inten berlian, nu murub mubyar cahayaan.

“Aya kénéh hadiah séjén di padumukan cangkurileung téh, aki?” nini-nini ngadak-ngadak marahmay.

“Aya. Peti badag. Ngan moal kauntup mawana. Matak milih ieu wé nu leutik,” jawab aki-aki.

Sapeueuting, nini-nini ngageremet. Nyalahleun aki-aki, nahe bet milih cepuk. Lain peti. Meureun eusina leuwih réa.

Rebun-rebun, kalawan rerencepan, nini-nini indit ngajugjug panonoban cangkurileung nu lebah-lebahna geus dicaritakeun ku aki-aki. Anjog ka dinya, wanci haneut moyan. Dibagéakeun ku cangkurileung nu taya riuk-riuk keuheul. Disuguhan sagala rupa. Atuh balikna ditawaran bisi hayang meunang hadiah, rék cepuk atawa peti.

“Peti wé dieukeun,”cek nini-nini mani nyorongot.

Ti leuweung ka lembur, mawa peti badag. Atuh ripuh pisan. Mindeng ti gubrag. Mindeng labuh. Datang wanci sareupna, nini-nini ngajongkeng di buruan. Nangkub kana peti.

Teu maliré capé, bari rarampéolan, gancang nyokot linggis keur nyungkal turub peti. Kajurung ku hayang geura néndo eusina. Pasti mutiara barabak, leuwih alus jeung leuwih réa ti batan eusi cepuk aki aki.

Barang bray, ukur batu karikil, keusik jeung taneuh. Malah aya oray tinglaleor, jeung langgir tingkodomang. Puguh baé nini-nini reuwas. Nepi ka tijengkang kana kamalir. Ngajehjer kapaéhan d dinya. Éling éling isukna. Kageuingkeun ku sora bacéo cangkurileung nu rék nganjang deui ka aki-aki. \*\*\*

## **SASAKALA MAUNG LEUTIK CANGKENGNA**

## Kénging Yessy Maharani



Usum paceklik di hiji leuweung. Halodo anu banget nepi ka sakabéh sasatoan kakurangan ku hakaneun. Bungbuahan, beubeutian, jeung jujukutan kabéh gararing...

Sakali mangsa maung keur anteng néangan kahakanan, kabeneran aya peucang keur ngahuleng, jiga nu susah. Éta peucang téh begang, ngajangjawing kari tulang jeung kulit.

Sabot peucang keur ngalamun, Gauuur...!!! Maung ngagauran tarik pisan. Peucang kacida reuwasna. Késang tiis ngagarajag maseuhan awak. Maung ngadangong, bangun sagep-gepeun rék ngerekeb manéhna.

Peucang teu bisa kukumaha. Ceuk pikirna, najan lumpat gé moal burung kaudag, da puguh baroraah keur lumpat, pan tanaga sakieu sudana. Ahirna peucang sumerah diri ka nu kawasa, bari ngadunga ménta sangkan dipanjangkeun umur, sarta disalametkeun tina bahaya dina waktu ayeuna.

“Agan maung, ulah gagauran kitu eum, kuring mah kari dikerekeb baé. Tapi...,” peucang ngawani-wani.

“Heeemmm.!!!”

”Ari ceuk kuring mah, leuwih hadé néangan mangsa anu lintuh. Da kuring mah batan sakieu, moal matak seubeuh. Pan apal ku anjeun, kuring mah begang, kari tulang hungkul.”

Maung ngagaur deui. Kawas nu ngahaja sangkan peucang beuki gimir.

“Héy!!! Peucang, teu ngarti uing mah. Naon maksudna andika tenang-tenang cacarita kawas kitu? Pan biasana gé sok terus lumpat mun ningali uing téh?”

“Rumasa, euweuh tanaga keur ngejat-ngejat acan..” peucang ngalengis.

“Terus..., ku naon anjeun ngahuleng?”

“Ohh... masalah éta...” peucang katingali bangun atoh, meunang lolongkrang.

“Enya?!”

“Kuring teu lumpat téh bisi hayang nyaho mah..., jeung kitu gé mun percaya ka kuring, yén kuring téh keur meunang tugas ti raja. Dititah nungguan beubeurna di dieu. Tah ari raja keur lunta, nyiar kadaharan keur urang saréréa.”

“Na bener éta téh?!” maung muncereng, nembongkeung sihungna anu ranggéténg.

“Ihh... piraku bohong! Tah kulantaran kitu, kuring moal rék lumpat, sabab tanggung jawab ti raja téh beurat pisan.”

“Auuummm.... hahahaha... puguh da uing téh bodo. Geus moal metu ékol modél kitu mah hahahaha...”

“Naha bet teu percaya?” peucang pias.

“Sabab urusan nu kitu mah pasti bakal dikawal ku sato pantar kuring. Atawa singa. Nya pokona mah ku sato-sato gedé tur garalak!”

“Lah... baé teu percaya mah...”

“Tapi..., ké... ké... ké... na nu kumaha rupana beubeur raja téh?” maung tungtungna mah panasaran ogé. Ceuk pikirna, saumur nyunyuhun hulu asa can kungsi ngadéngé beubeur raja.

“Euuhh... tinggaleun jaman atuh...” peucang ngahaja ngaléléwé.

“Mun bener aya, cing pék geura témbongkeun. Uing hayang nyaho!”

“Teu pisan-pisan kulan...”

“Naon maksud andika hah!”

“Teu wani kuring mah némbongkeun éta beubeur. Sabab dipiwarangna gé ukur nungguan.”

“Nyanéh dék baha hah! Teu apal yén nyawa nyanéh aya dina tungtung sihung uing!”

“Sumuhun... percanten” peucang popoyongkodan.

“Sok! Mana uing ningali!”

“Euu...”

“Buru!!! Atawa, nyanéh mah hayang dikerekeb meureun?”

“Ampuunn... ampuunn... tapi, kuring sieun kénéh ku raja.”

“Baé! Urusan uing éta mah!” maung beuki panasaran.

“Nya ari keukeuh-keukeuh teuing mah, ka dieu atuh sing dekeut bisi aya cakcak bodas..”

“Ha ha ha ha... nyanéh dék nippu ka uing nya? Sorriii... uing moal katipu!”

“Nya enggeus ari embung mah...” peucang beuki pias.

“Euu... jadi bener nyanéh téh moal nipi?”

“Ihh.. piraku, teu wararantun teuing...”

“Nya sok atuh! Mana beubeur téh?”

“Tah geuning...” peucang nuduhkeun ka nu ngajepat hareupeunana. “Ka dieu atuh, sampeurkeun sing deukeut... ngarah écés.”

Teu loba pikir, maung ngadeukeutan anu ngajepat “Enya! alus beubeur raja téh euy, meuni hérang kieu.”

“Nya enya atuh! Piraku beubeur raja butut?”

“Kira-kirana bisa teu lamun uing ngajaran maké?”

“Euu....”

“Hayang dikerekeb!!” maung mureleng.

“Teu tiasa! bujeng-bujeng ka dianggé, dicepengan gé teu kenging cenah.”

“Ceuk saha teu meunang?”

“Raja nu sasauran...”

“Bet jadi panasaran uing mah. Dék ngagugu ka uing moal siah hah?!”

“Ulah nyingsieunan kitu atuh, geus puguh kuring mah sieun kénéh ku raja batan ku Anjeun.”

Aauuummm... maung némbongkeun sihungna. Peucang kokopodan.

“Ari keukeuh-keukeuh teuing mah, nya kuma anjeun wé, ngan kuring boga paménta.”

“Naon?”

“Sangkan kuring teu katanyaan ku raja, kuring dék indit heula ti dieu ngarah boga alesan....”

“Heug!” maung atoh pisan.

“Tah engké, lamun kuring geus jauh pék éta beubeur paké.”

“Enya!”

“Tapi...”

“Naon deui?!”

“Kudu nurut kana kodeu ti kuring, lamun ceuk kuring “paké” rap éta beubeur téh paké. Sakitu paménta ti kuring mah.”

“Hahahaha... pira sakitu, gampang! Tapi awas siyah mun ngabobodo. Dikerekeb ku uing!!!”

“Moal atuh...”

Bérés cacarita, berengbeng peucang lumpat, sakalumpat-lampét. Sanggeus rada jauh, peucang ngagorowok. “Paké, paké...! Paké!”

Demi ngadéngé peucang ngajorowok, teu tata pasini deui rap éta beubeur anu ngajepat téh dibeulitkeun kana cangkéngna. Atuh puguh wé éta beubeur téh jol meulit kana awakna tarik pisan, sabab geuning anu dimaksud beubeur raja téh singhoréng oray welang anu kacida gedena.

Teu sabaraha lila, cangkéng maung téh ngaleutikan kapeureut ku bedasna tanaga oray.

## **RAJA JEUNG GEDANG ATAH**

Kacaritakeun di hiji karajaan, anu katelah nagri Karanglayung , aya hiji raja anu gagah sakti mandraguna. Katelah Prabu Sapru Brata nyengkod. Sanajan boga pangawakan anu gagah tur beungeut anu perenges, eta raja boga sipat welas asih ka rahayatna. Tapi sipatna eta teu ngurangan wibawa jeung komarana, estuning dipikagimbir ku karajaan-karajaan sabudeureunana. Sabab sang Prabu kungsi kacaritakeun gelut jeung anak maung tilu poe tilu peuting nepika eta si maung sareuneuhna. Ngan hanjakal eta raja boga karesep anu mahiwal ti batur,nyaeta kabeukina teh gedang atah. Atuh di karajaana teh hese kacida manggihan gedang asak, sabab teu kaur aya gedang buahan, geus pasti di ala ngora-ngora ku prajuritna. Ari Prabu Sapru Brata Nyengkod boga prameswari anu geulis rancunit endah kabina-bina, anu katelah Dewi Nilam Ciptaningparfum.

Geus ampir sataun leuwih Sang Prabu huleng jentul, paromanana nguyung bangun aya nu jadi pikiran. Singhoreng manehna kagegeringan mikiran panyakit anu tumiba ka prameswarina. Dewi Ciptaningparfum boga panyakit rorombeheun dina keuneung sukuna, bari henteu ukur nepi ka dinya, prameswari oge kelekna bau kacida. Atuh Sang Prabu teu bisa otel paduduaan sabab teu kuat ku bauna kelek prameswari. Malah sakapeung mah sang prabu sok nepi ka katurelengan, ngajoprak kapiuhan lamun lila ngarendeng jeung dewi Ciptaningparfum.

Antukna Sang Prabu ngumpulkeun kabeh tabib jeung dukun anu aya di eta nagri, pikeun nyiar ubar jang prameswari. Aya nu ngaluangan, cenah aya panita sakti anu katelah ki ajisako di padepokan karang paningal, umurna geus ratusan taun, tapi teu katingali kolotna. Ari eta padepokan ayana di leuweung dungus, kiduleun gunung pangajar. Teu di engkekeun deui, raja mawa prajuritna ngajugjug eta padepokan. Mipir pasir mapay jungkrang ngaksruk leuweung meuntas walungan.

Di satengahing lalampahan di hiji leuweung, kasampak aya nini-nini keur nonggeng tukangeun rungkun. Raja jeung prajuritna pohara reuwasna, tp aya atohna oge, bisa tatanya ka eta nini-nini. Pok raja ngomong ka senopatina,”Senopati, cik pang nanyakeun jalan ka si nini”. Senopati unggueuk teru nyameurkeun si nini. “nuju naon nini ?” ceuk senopati muka carita. “keur ngadurat ujaang” ceuk si nini bari aluman-alimen menerkeun sampingna, kaeraan tayohna mah. Senopati kur seuri koneng bari ngagerentes dina jero hatena, “sugan teh kami wungku nu sok ngadurat teh”. Pok senopati nanya deui ka si nini,”punten nini, ari padepokan karang paningal beulah mana?”. Si nini kerung bari nyarita,”aya perlu naon ka padepokan?. Arek dibejaan tapi kuring hayang di pang omehankeun”. Puguh we senopati teh buncelik bari ambek, “teu sudi!, naha anjeun teu nyaho saha kami?” ceuk senopati bari poporongos. Si nini hare-hare we bangun teu reuwas komo sieun mah. “nya keun bae ari

embung dibejaan mah” ceuk si nini bari ngalungkeun sisig urut meper da puguh euweuh cai. “kop tah kopet, lumayan jang eupan bisi rek nguseup. Tawes mah gawok kana kopet mah” ceuk si nini bari ngaberetek lumpat ka jero leuweung.” Terus we tuturkeun panon poe, engke manggih talaga ciherang” kadenge sora si nini hawar-hawar da puguh geus jauh lumpatna teh. Ari senopati, di alungan sisig aya kopetan teh puguh we tibuburanjat lumpat. Para prajurit anu sejen oge sarua, paburencay lalumpatan, raja teu ditolih, digubragkeun tina tanduna. Raja nyangsaya dina rungkun kabeulitan areuy, roroesan teu bisaeun hudang.

Kocap kacaritakeun, raja neruskeun lalampahanana. Nuturkeun panon poe sakumaha pituduh ti si nini. Antukna anjog ka sisi talaga anu katelah talaga ciherang, raja reureuh ngababakan. Sakalian tatahar ngumpulkeun bekel jang neruskeun lalampahan. “prajurit, kami hayang dahar. Cik pang maiskeun peda jeung pencok hiris. Nginumna hayang cai dawegan. Kabeh kudu beubeunangan”, ceuk raja bari pupuringisan nyekelan beuteungna. Sakabeh prajurinta tuluy malencar neangan kadaharan pesenan raja.

Sabot prajuritna malencar, raja rurat-reret ka sabudeureun eta tampat. Sanggeus yakin euweuh sasaha, berebet raja lumpat ka tukangen rungkun. Porosot ngalaan calanana bari terus nagog. Singhoreng, nitah kabeh prajurit arindit teh, rajan teu kuateun hayang ngising.

Keur ngeungeunahna raja nagog, kadenge aya nu kokorosakan nyampeurkeun ka palebah rungkun tempat manehna ngising. Karek ge raja nguniang, maksudna rek nempo ka palebah nu ngorosak, ari lol teh hulu bagong ti gigireun rungkun. Raja ngoceak bari rikat ngarawel calanana niatna mah rek lumpat. Orokaya, raja nincak taina sorangan, soledat, juralit, gubrag, raja ngabebengkang hareupeun bagong.

Ari bagong, nempo kaayaan kitu teh lain kabur, tapi kalah mundur taki-taki bari sesegrok rek narajang. Serepet eta bagong nyuruduk raja. Barang rek sagabret-gabretein eta raja di teungar, sakedet netra aya hiji aki-aki anu ngajorelat ngajejak hulu eta bagong. Bagong mecat kanu anggang, tuluy ngajongkeng palastra harita keneh. Eta aki-aki kur ngabedega hareupeun raja anu nangkarak bengkang bari beungeutna pias kabur pangacian bakat ku reuwas jeung sieun.

Sanggeus pangacianana ngumpul, raja maksakeun hudang bari uulukungan pok nyarita, ”nuhun aki kana pitulungna, mun euweuh aki mah geus kumaha boa kami disuruduk bagong si atah adol” ceuk raja bangun anu atoh kacida. “nya teu nanaon kasep, da geus kawajiban jelema mah silih tulungan jeung papadana. Ngan eta kade poho, calanana di pake heula, era bisi katingalieun batur, jeung naha can disunatan?” ceuk eta aki-aki bari miceun beungeut. Gebeg, raja ngaranjug reuwas taya papadana bari gura-giru make calana. “nyeta aki, puguh di nagri kami teh euweuh nu bisaeun nyunatan” ceuk raja bari reumbay. Nalangsa tayohna mah.

Punten ari aki jenengan teh saha?“ ceuk raja semu dareuda. “ari anu katelah mah ngaran aki teh ajisako, ti padepokan karang paningal”

Ngadenge kitu, raja pohara atohna “halah siah, geuning ieu panita nu kami dipaluruh nepika aprak-aprakan ka jero leuweung teh”, raja ngaranjug. “na aya naon kitu kasep? Rurumpaheun ka dieu neangan aki?” si aki kerung. “Puguh kami teh boga karerepet, prameswari boga panyakit rorombeheun jeung bau kelek” raja ngaheruk. “emh, deudeuh teuing kasep. Tapi leuheung maneh mah boga keneh pamajikan. Daripada aki” ceuk si aki bari narik napas panjang bangun nu eungap. “na ari pamajikan aki ka mana kitu?” raja nanya ka si aki. “nyeta kasep, pamajikan aki teh maot geus ampir sataun katukang” ceuk si aki. Panona katingali rambisak. “kunaon aki?” ceuk raja panasaran. “puguh ge kabeureuyan jarami nangka” ceuk si aki tuluy ngeluk tungkul nyoo tungtung baju bari ngegelan kuku ramona.“ Tapi nu geus kaliwat mah ulah di inget2 ketang, hayu atuh urang kanu iuh. Ku aki urang di ihtiaran”, ceuk si aki bari leumpang kana handapeun tangkal.

Sanggeus ngariung dinu iuh, pok si aki nyarita, “sabenerna ubar jang panyakit prameswari teh teu kudu jauh-jauh nyiar ka dieu, da di karajaan anjeun ge loba. Sabab panyakit prameswari teh ku alatan tingkah polah anjeun sorangan”. Raja ngaranjug, bari kerung raja nanya:”na naon kitu aki ubarna?”. “rorombeheuna mah ubarna teh ku geutah gedang anu pentil keneh, balurkeun kana dampal sukuna. Jadi wayahna ti mimiti ayeuna, anjeun ulah ngadaharan gedang atah. Komo pentilna mah. Sabab lamun anjeun teu ngarobah kabeuki, bakal beuki loba rahayat anu rorombeheun” ceuk si aki bari nyusut kelay anu nyurucud tina biwima. “Sedengkeun ubar jang panyakit bau kelekna, tah pake ieu tangkal, direndos tuluy dipeureut. Cokot saripatina terus usapkeun kana awakna. Ieu tangkal teh teu boga ngaran, ngan ku lantaran ieu tangkal rek di pake ubar ku prameswari, pek aranan ku hidep make ngaran prameswari”ceuk si aki bari ngaluarkeun hiji tangkal tina jero bajuna, song di asongkeun ka raja. Ku raja ditampanan.

Raja pohara atoheunana. “Aduh aki, nuhun kana bongbolonganana, kuring reugreug ayeuna mah. Jadi ieu tangkal teh ku kami dingaranan tangkal nilam. Minangka pamulang tarima ti kami, Aki hayang naon? Ku kami ditedunan” ceuk raja semu marahmay.”ah aki mah kur hiji pamenta teh, pang neangankeun jodo jang anak aki, karunya geus lila teu rarabi wae” . “Keun ulah salempang aki, kabeneran senopati kami lalagasan keneh” ceuk raja bangun daria. “wayahna senopati, anjeun kudu daek kawin jeung anak ieu panita”, ceuk raja bari ngareret ka senopatina. Senopati unggueuk bari cong nyembah bangun nu ajrih. “mane budak aki teh?” ceuk raja nanya ka si aki. “engke we dimana anjeun geus nepi ka karajaan jeung prameswari geus di ubaran, anak aki bakal datang ka karaton. Cirina, anak aki teh bakal

nyelapkeun kembang malati dina ceulina. Omat bageakeun, ulah di saha saha”. “Mangga aki, ku kami di estokeun pisan”, ceuk raja nempas.

Sanggeus amitan ka eta panita, raja gura-giru marentahkeun para prajuritna sangkan tatahar pikeun mulang ka karajaanana. Antukna raja jeung prajuritna marulang ka nagri karanglayung bari suka bungah, kusabab hasil pamaksudanana.

Satepina ka nagri karanglayung, raja gura-giru nambaan prameswarina sakumaha pituduh ti panita ajisako. Enya we ramuan ti aki panita teh matih. Prameswari cageur rorombeheun jeung bau kelekna. Raja pohara atoheunana, pasemonan marahmay. Minangka sukuranana, raja ngumpulkeun sakabeh rahayatna di alun. Raja ngayakeun hajat 7 poe 7 peuting, nanggap wayang jeung organ tungal. Teu poho para prajurit anu milu nganteur neangan ubar, di bere hadiah ku raja.

Sabot rahayatna keur suka bongah ngaribing engklak-engklakan di alun-alun, raja mah anteng lelendean jeung prameswarina. Bari diuk dina korsi karajaan dibaturan ku patih jeung senopatina anu geus diistrenan jadi panglima perang karajaanana. Keur anteng saruka bungah di karaton, jol aya ponggawa nyampeurkeun ka hareupeun raja bari pok nyarita,” sembah pangabaktos nun, di luar aya istri anu hoyong nepangan salira. Ngakuna mah putrana panita ajisako”, ceuk ponggawa bari ngeluk tungkul. Raja ngaranjug bari gura-giru marentahkeun ponggawa sangkan eta awewe sina asup ka karaton. “bagja anjeun senopati, pijodoeun anjeun geus datang. Jung geura bageakeun”, ceuk raja ka senopatina. Atuh gancang senopati cengkat bari terus nangtung niat muka panto karaton, seja ngabageakeun ka putrina panita anu rek jadi pamajikanana, hatena tagiwur teu puguh rarasaan. Lalaunan panto di buka, breh di luareun panto aya awewe anu teu bireuk deui, taya lian nini-nini anu panggih di leuweung keur ngadurat, keur nangtung make kembang malati di selapkeun dina ceulina. Senopati ngagolepak kapiuhan, matana buncelik sungutna calawak. \*\*\*

## LUTUNG KASARUNG

Kacaturkeun di nagara Pasir Batang, Prabu Tapa Ageung ti praméswari Niti Suwari kagungan putra tujuh, istri wungkul. Nu kahiji kakasihna Purbararang, nu kadua Purbaéndah, nu katilu Purbadéwata, nu kaopat Purbakancana, nu kalima Purbamanik, nu kagenep Purbaleuwih jeung nu katujuh Purbasari.

Ngaraos parantos sepuh, Prabu Tapa Ageung ngersakeun ngabagawan, badé tatapa di leuweung.

Nu dicadangkeun ngagentos ngeuyeuk dayeuh ngolah nagara téh lain Purbararang putra cikal, tapi bet Purbasari, putra bungsu.

Atuh munasabah baé, Purbararang asa kaunghak. Amarahna teu katahan, asa dihina asa ditincak hulu. Purbasari diusir ti dayeuh dibuang ka Gunung Cupu.

Kacaturkeun di Kahiangan, Guruminda, putra déwata cikalna, titisan Guriang Tunggal, ngimpén gaduh garwa anu sarupa jeung Sunan Ambu. Saur Sunan Ambu, “Jung, geura boro pijodoeun hidep. Aya nu sakarupa jeung Ambu. Tapi...ulah torojogan, anggo heula ieu raksukan...lutung!”

Janggélék Guruminda minda rupa jadi lutung, katelah Lutung Kasarung.

Kocap deui di nagara Pasir Batang. Prabu Tapa Ageung ngersakeun hayang tuang daging lutung. Nya nimbalan Léngsér kudu mentés Aki Panyumpit ngala lutung ka leuweung.

Aki Panyumpit gasik ngasruk leuweung néangan lutung. Tapi dadak sakala, leuweung jadi sepi taya sasatoan. Bororaah sato kayaning peucang jeung lutung, sireum ogé taya nu ngarayap cék wiwilanganana mah.

Aki Panyumpit téh méh pegat pangharepan. Barang rék mulang, dina tangkal peundeuyst bet kabeneran manggih lutung keur guguntayangan. Ari rék disumpit, celengkeung téh lutung nyoara: “Éh, Aki, bet kaniaya. Ulah disumpit! Kuring téh rék ngaku bapa pulung ka Aki. Hayang betah di dunya, hayang nyaho anu dingaranan karaton.”

“Sukur atuh, sok geura turun,” walon Aki Panumpit bengong, aya lutung bisa ngomong. Singhoréng Lutung Kasarung téa. Déwata minda rupa turun ka dunya.

Lutung Kasarung dibawa ku Aki Panyumpit, dihaturkeun ka karaton. Tapi barang rék dipeuncit, taya pakarang nu teurak. Sang Lutung teu bisa dirogahala. Tungtungna mah, saur Ratu, “Léngsér pasrahkeun baé ka anak kami, sugan butuh keur pibujangeun.”

Nya atuh ku Léngsér dipasrahkeun ka Purbararang. Ari walonna téh bet: “Daék sotéh ngabujangkeun, lamun jalma nu utama. Mun lalaki turunan mantri, ari lutung mah sangeuk teuing!” Deregdeg léngsér ka putra nu kadua, teu ditampa. Ka anu katilu, nya kitu kénéh. Pajarkeun téh, lain teu hayang nampa, ngan sieun ku Si Tétéh.

Léngsér mulang deui ka Purbararang, pokna téh,” Nya sok baé atuh, bisi pajar nampik pasihan rama.”

Lutung kasarung tetep di karaton. Belenyeng lumpat ngintip para mojang nu lalenjang keur ngagembrang ninun.

Keur jarongjong ninun, ari koloprak téh taropong Purbararang moncor ka kolong balé.

“Cing Adi, pangnyokotkeun taropong!”

“Ih, Tétéh, apan boga bujang lutung,” Cék Purbaleuwih.

“Cing lutung pangyokotkeun taropong di kolong balé!”

Deregdeg lutung lumpat. Ulang-ileng, top taropong dicokot. Ari béréwék téh dibébékkeun mani jadi lima, sor disodorkeun!

“Jurig lutung, taropong aing sabogoh-bogoh dibébékkeun! Léngsér! Teu sudi kami mah, anteurkeun Si Lutung ka Si Purbasari di leuweung!”

Jut Léngsér turun, Lutung ungguek, tuluy nuturkeun. Lutung Kasarung ditampa ku Purbasari.

“Éh Mama Léngsér, geunig Si Tétéh aya kénéh adilna. Kajeun lutung, tamba suwung. Kajeun hideung, tamba keueung nu di leuweung. Kajeun goréng, tamba jempé nu nyorangan. Hatur nuhun béjakeun ka Si Tétéh.”

Tutas haturan, Léngsér mulang ka karaton.

Caturkeun di sisi leuweung. Purbasari ngagolér dina palupuh sabébék, di hateup welit sajalon. Lutung kasarung ngangres ningal kaayaan putri. Rep Sang Putri disirep.

“Utun, urang saré jeung kaula. Kula mah banget ku tunduh!”

“Oaah, Sang Putri, lutung mah tara saré jeung manusa, bisi geuleuheun!”

Reup Putri Purbasari kulem tibra pisan.

“Éh, deudeuh teuing. Putri téh nalangsa pisan. Aing rék nénéda ka Sunan Ambu, neda sapaat para bujangga, niat misalin Sang Putri meungpeung saré,” gerentes Lutung Kasarung, Guruminda mamalihan.

Raksukan digédogkeun, bray baranang siga bértang, kakasépan Guruminda kahiangan. Panejana tinekanan, sajiadna katurutan. Jleg ngajenggléng karatonna, leuwih agréng ti nagara. Purbasari dipangku, diébogkeun dina kasur tujuh tumpang, disimbut sutra banggala, disumpal ku benang emas. Janggélék Gurumiinda jadi lutung deui, tapakur di sisi balé kancana.

Kabeungharan jeung kamulyaan Purbasari di gunung kasampir-sampir ka nagara. Purbararang, nu goréng budi ti leuleutik, nu goréng lampah ti bubudak, beuki tambah sirik,

beuki tambah ceuceub. Rupa-rupa akal dikotéktak, sangkan aya alesan keur ngarah pati Purbasari.

Mimitna Purbasari diperih pati, kudu bisa mendet parakan Baranangsiang, leuwi Sipatahunan. Mangka saat sapeuting. Mun teu bukti teukteuk beuheung keur tandonna.

Ku pitulung Lutung Kasarung, dibantu Sunan Ambu jeung para bujangga, ieu tanjakan téh laksana.

Tuluy Purbasari dititah ngala banténg ti leuweung. Ku kasaktén Lutung Kasarung, banténg téh katungtun ku Purbasari ka nagara.

Purbasari dipentés nyieun pakarang tatanén étém bingkeng jeung jarum potong, jeung ditangtang pahadé-hadé ngahuma. Geus tangtu Purbasari dibéré pasir anu pangangar-angarna, ari Purbararang mah di tempat nu hadé. Tapi Purbasari unggul kénéh.

Rupa-rupa ékol Purbararang, antukna Purbasari diajak pangeunah-ngeunah olahan, paloba-loba samping, papanjang-panjang buuk, pageulis-geulis rupa. Tapi rayat jeung jaksa nagara mutus teu weléh Purbasari anu unggul.

Tungtungna Purbararang pinuh ku haté dir jeung ujub, ngajak pakasép-kasép beubeureuh, Sagoréng-goréngna beubeureuh manéhna, da pubuh manusia, kakasih Indrajaya. Sakasép-kasépna beubeureuh Purbasari, lutung.

Purbasari éléh, tenggekna kari saketokkeun diteukteuk.

Cunduk kana waktuna, Lutung Kasarung manggih putri panyileukanana. Putri nu sasorot jeung Sunan Ambu, Purbasari. Lutung Kasarung ngagédogkeun raksukanana, baranyay hurung, janggélék jadi Guruminda deui.

Indrajaya ngamuk, tapi teu bisa majar kumaha, kaungkulon kadigjayaanana.

Purbasari ngadeg ratu di Pasirbatang, jadi praméswari Guruminda. Ari Purbararang jeung sadérékna nu opat deui, dihukum kudu jadi pangangon. Indrajaya mah dihukum jadi pangarit, dibekelan arit timah. Ngan anu pangais bungsu, Purbaleuwih, anu welasan ti baheula ka Purbasari, ditikahkeun ka Ki Bagus Lembu Halang, ciptaan tina raksukan Lutung Kasarung jadi papatih di Pasir Batang.

## NINI ANTEH

Jaman baheula aya budak awéwé ngaranna Nyi Antéh. Karunya budak téh pahatu. Geus teu boga indung da geus maot katarajang malaria teu katulungan.

Sanggeus indungna maot, Nyi Antéh hirupna jadi nunggelis. Jauh ka sintung kapala, lieuk deungeun lieuk lain, henteu indung heuteu baraya. Aya gé bapana sanggeus boga deui pamajikan mah, jadi tambélar. Ka anak henteu riksa henteu nyaah. Mun méré dahar gé kumaha ceuk indung térena, rék dibéré rék henteu.

Ku kitu puguh wé Nyi Antéh mindeng ngarumas, indung térena galak pisan, sok nyarékan, tampolana nyintreuk jeung nyiwit tarik. Dina méré dahar, indung térena téh saukur tamba kawaranan. Sanguna saeutik ukur jeung uyah. Lamun tas dahar bari ngalémétan rémeh téh Nyi Antéh sok sasambat ka indungna dikawihkeun.

“Emaa emaa nyai tulungan. Nyai neda... lapar kénéh. Da sanguna ngan saeutik. Jaba teu aya réncangna.” Ceuk Nyi Antéh bari ngalémétan rémeh.

Nyi Antéh ditambélarkeun ku indung térena kitu téh lain ngan sakali, tapi mindeng. Saban dahar. Sok ngadoni éta ogé ka bapana yén indung térena téh medit, méré dahar sok saeutik, tapi ku bapana kalah dipolotan.

“Ngadoni siah, miradukeun,” ceuk bapana.

Osok éta ogé bapana ngagelendeng indung térena sangkan méré dahar téh sing nepi ka seubeuheun. Tapi lain robah kalah ka sok Malik nyarékan Nyi Antéh.

“Ngadoni siah ka bapa manéh! Budak mah sapamérén kolot wé teu kudu ngadu-ngadu,” ceuk indungna bari celetot nyiwit tarik pisan. Atuh Nyi Antéh téh ceurik ampun-ampunan.

Sanggeus kitu mah Nyi Antéh téh teu wanieun deui bébéja ka bapana. Ah kadongdora pamikirna bébéja ogé lain jadi seubeuh, kalah jadi nyeri.

Sakali mangsa sabot bapana ngala suluh jualeun ka kota, Nyi Antéh dibéré dahar. Biasa saeutik ukur jeung hulu peda. Geus kitu tuluy sirah budak téh diketrok ku aseupan nu ramiping ku rémeh. Nya atuh puguh wé sirah Nyi Antéh téh pinuh ku rémeh.

Keur kitu datang bapana. Barang jol gé heg bapana nanya.

“Geus dibéré dahar budak téh?”

“Puguh wé seubeuheun pisan. Awahing ku seubeuh gagaro sirah gé ku leungeun nu ramiping ku rémeh,” ceuk indung térénan ngarah dipiandel.

Kitu jeung kitu wé saban poe ogé nasib Nyi Antéh téh.

Sakali mangsa tina ku teu kuat nahan kanalangsaan, Nyi Antéh ka kuburan indungna, ngadon ceurik balilihan bari sasambat.

“Ema.. ema .. Nyai lapar. Nyai lapar... hayang neda. Indung téré galak jeung medit. Sirah diketrok aseupan.” Budak sasambat balilihan di luhur kuburan indungna.

Sabot kitu kersaning Allah, teu aya nu mustahil, podonghol wé tina jero kuburan téh cau emas saturuy. Atuh hékak Nyi Antéh ngadahar cau emas. Nyeubeuhkeun dahar sangu saeutik paméré ema téréna. Saban poe kitu wé aya kiriman cau emas, nya Nyi Antéh téh teu leuleus teuing. Awakna jagjag jeung seger.

Orokaya mireungeuh anak téréna jadi jagjag, indung téréna curiga. Palangsiang sok maok kéjo. Tuluy diintip dituturkeun ka kuburan. Barang kaciri dikuburan aya cau, indung téréna ngambek bébéakan.

“Ngérakeun maok cau nu saha hah? Budak-budak panjang kokod, kawas nu teu dibéré dahar waé,” ceuk indung téréna bari molotot. Regeyeng cau téh dibawa ka imahna. Ningali kitu budak téh ceurik deui di kuburan indungna.

“Emh ema naha geuing kieu waé nasib abdi téh. Cau Nyai dirampas, indung téré téh bet telenges teuing. Ka nyai taya rasrasan.”

Geus reup magrib budak téh can dék balik, cicing waé dikuburan indungna bari teu weléh sasambat, hayang milu ka kuburan.

Geus burit budak teu balik, bapana kukurilingan néangan.

“Nyai geura balik geus burit sieun sandékala. Keur naon cicing waé di kuburan?” ceuk bapana basa manggihan budakna keur nginghak di luhureun kuburan indungna.

Sabot kitu barasat aya katumbiri, nurunkeun tarajé emas, Nyi Antéh dipapagkeun ku widadari dibawa ka luhur bulan. Nyi Antéh dikukut para widadari. Betaheun bari séhat.

Nya dina mangsana bulan caang mabrak cahayaan hérang dumeling sok kabireungeuh majar cenah aya Nini Antéh keur ninun karémbong sutra ngais ucingna, bawa ti kuburan indugnna.\*\*\* (H.B.M / Galura)